



Pou Piblikasyon Imedya: 12/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN NOUVO LWA POU AMELYORE SEKIRITE NAN LARI,
ANPECHE LANMO SIKILASYON, AK REPRIME AKSIDAN FRAPE EPI KOURI ALE
YO**

***Lejislasyon (A.1007-A/S.2021-A) otorize minisipalite yo pou yo redwi vitès limit a
40 km pa èdtan***

***Lejislasyon (A.3964/S.9163) ogmante amann pou moun ki kite sèn yon aksidan
machin san yo pa rapòte li***

Gouvènè Kathy Hochul jodi a siyen yon pake lejislatif pou amelyore sekirite nan lari, anpeche lanmò ki lye ak sikilasyon, epi pou reprime ensidan frape epi kouri ale yo. De nouvo lwa pral pèmèt minisipalite yo diminye limit vitès a 40 km pa èdtan epi ogmante amann pou moun ki kite sèn aksidan machin yo san yo pa rapòte yo.

"Chak Nouyòkè merite santi yo an sekirite lè y ap vwayaje nan lari nou yo, kit yo ap kondwi, yo monte bisiklèt, oswa yo ap mache", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouvo lwa sa yo pral ede anpeche trajedi ak blesi san sans lè yo reprime kondwit san sans ak irèsponsab. Jodi a, n ap reyafime angajman nou pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite epi sèvi ak tout resous ki disponib yo pou sove lavi."

Lejislasyon (A.1007-A/S.2021-A) pral ede anpeche aksidan ak lanmò ki gen rapò ak sikilasyon lè yo pèmèt minisipalite yo diminye limit vitès yo a 40 km pa èdtan. Rechèch yo montre ke vitès kondwi pi rapid gen rapò ak blesi ak lanmò ki pi grav pou pyeton yo nan ka yon aksidan. Dapre lalwa aktyèl la, limit vitès maksimòm a defo nan yon vil, ti vil oswa vilaj pa ka fikse pi ba pase 40 km alè. Lè yo bay minisipalite yo kontwòl lokal yo pou redwi vitès limit yo, lejislasyon sa a pral amelyore sekirite pubblik epi anpeche lanmò pyeton yo.

Senatè Eta a, Rachel May, te deklare, "Kòm yon siklis, mwen konnen jan sa ka enkyetan pou itilize lari kote limit vitès yo pafwa twò wo. Mwen fyè paske nou ta ka pase yon zouti enpòtan ki nesesè pou bay gouvènman lokal yo plis fleksibilite pou diminye limit vitès yo pou ede redwi lanmò nan sikilasyon nan Eta New York. Fè lari yo vin pi an sekirite pou pyeton yo, siklis yo, ak lòt moun yo espesyalman enpòtan paske plis moun ap chèche kote ki pratik pou pyeton pou yo viv ak travay."

Manm Asanble Amy Paulin te deklare, "Sekirite piblik la amelyore lè limit vitès yo bese. Yon kantite kominote atravè eta a te eksprime dezi pou diminye limit vitès yo, ki gen ladan plizyè nan distri mwen an. Minisipalite yo dwe gen otorite pou yo pran etap pwo-aktif, efikas sa a pou diminye kantite lanmò ak gravite blesi ke aksidan ki gen rapò ak vitès ka lakòz."

Lejislasyon (A.3964/S.9163) pral dekouraje ensidan frape epi kouri ale yo ak amelyore sekirite piblik lè yo ogmante amann pou moun ki kite sèn yon aksidan machin san yo pa rapòt li. Ensidan frape epi kouri ale yo patikilyèman danjere lè yon moun blese epi chofè a pa defo pa rapòt li, paske moun sa a ka pa jwenn swen apwopriye lè yo bezwen li. Lejislasyon sa a pral ogmante sèy amann lan pou moun ki kite sèn yon aksidan pèsonèl a 750 dola - 1,000 dola epi ogmante sèy amann lan pou yon vyolasyon repeate a 1,000 dola - 3,000 dola.

Senatè Eta Andrew Gounardes te deklare, "Li deplorab pou frape yon lòt moun ak machin ou epi answit kouri kite sèn lan. Jodi a, pwojè lwa mwen an fè li pi chè pou vin yon chofè k ap frape epi kouri ale, lè li ogmante amann lan jiska 3,000 dola. Mèsi ak defansè yo, lejislatè yo, ak manm kominotè yo ki te sipòte pwojè lwa sa a, epi remèsyé Gouvènè Hochul paske li te siyen sa a an lwa epi kenbe Nouyòkè yo an sekirite nan lari nou yo."

Nan kòmansman ane sa a, yon rapò Administrasyon Nasyonal pou Sekirite sou Otowout (National Highway Traffic Safety Administration) te pibliye te jwenn ke lanmò nan sikilasyon pandan premye mwatye ane 2021 an te ogmante a 18.4 poustan depi premye mwatye 2020 an, menmsi anpil Nouyòkè te travay lakay yo. Anplis de sa, done Vil New York yo montre moun ki mouri nan sikilasyon yo te ogmante a 44 poustan pandan twa premye mwa 2022 yo, sa ki se kòmansman ki pi mòtèl na nenpòt ane depi kòmansman pwogram Vision Zero Vil la an 2014. Lè yo te enpoze pi gwo penalite sou ensidan frape epi kouri ale yo, novo lwa sa a pral ede abòde ogmantasyon lanmò ki gen rapò ak sikilasyon epi redwi aksidan nan lari yo atravè eta a.

Daniel Flanzig, Prezidan Defans pou òganizasyon defans bisiklèt nan tout eta New York, New York Bicycling Coalition, te deklare, "Bay minisipalite yo fleksibilite pou diminye vitès machin yo nan lari pa yo se yon gwo etap enpòtan nan estrateji vizyon zewo a ak nan redui vyolans sikilasyon an. Nou kontan dèské Gouvènè Hochul rekonèt enpòtans chanjman sa a ki nesesè depi lontan. New York te wè yon ogmantasyon san parèy nan aksidan frape epi kouri ale nan eta nou an pandan kèk ane ki sot pase yo. Lè yo ogmante sanksyon li pral dekouraje move kondwit epi ogmante sekirite pou manm nou yo nan chak kwen nan eta a."

Amy Cohen, manman Sammy Cohen Eckstein, ki gen 12 zan, ke yon chofè a vitès rapid te touye an 2013, te deklare, "Vitès ki pi dousman sove lavi anpil moun. Se poutèt sa Safe Streets Coalition (Kowalisyon pou Lari an Sekirite) nan NYS ap goumen pou Lwa Sammy an pou kite Vil New York fikse limit vitès ki pi dousman. Pandan n ap kontinye batay sa a, jodi a nou kontan anpil paske Gouvènè Hochul ap siyen yon mezi ki asosye pou pèmèt lòt lokalite Empire State yo fikse limit vitès ki pi an sekirite nan lari

pa yo. Nou konnen sa pral sove lavi epi nou remèsyé Manm Asanble Paulin ak Senatè May pou patenarya yo nan lejislati a ki fè sa reyalize. Ane pwochèn, nou ap tann ak empasyans pou adopte tout Lwa sou Dwa ak Sekirite Viktim Aksidan (Crash Victim Rights and Safety Act) an, enkli Lwa Sammy an."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418